**SUMMARY**

This article reflects the new foreign and good-neighborliness policy in the spirit of mutual trust that is emerging in Central Asia today. The policy of political equality, stability and good neighborliness, proposed under the leadership of President Sh.M.Mirziyoyev, is held not only from the point of view of Central Asia, but also taking into account the interests of the entire region. The foreign policy of New Uzbekistan is developing with new proposals and initiatives, offering the world community methods of political dialogue.

## ФИЛОСОФИЯЛЫҚ ТӘРБИЯ ҲӘМ ШАХСТЫҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ

**Ж.Усенов –** *үлкен оқытыўшы*
**М.Назарбаев –** *пән кабинет меңгериўшиси*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** инсон, тарбия, фалсафа, шахс, одоб, дин, педагогика, эстетика.
**Ключевые слова:** человек, воспитание, личность, этикет, религия, педагогика, эстетика.
**Key words:** human, upbringing, personality, etiquette, religion, pedagogy, aesthetics.

Тәрбия адамларды, жасларды ҳәм басқа да кисилерди объектив ҳәм субъектив тәсирлер тийкарында әдеплилик, ақылый, әмелий, физикалық жақтан қәлиплестириў қуралы болып, тәрбияшы өзи қәлеген сыпатларды тәрбияланыўшылар санасына сиңдириў ушын олардың руўхыятына белгили бир мақсетке бағдарланған системалы тәсир көрсетиўине айтылады. Тәрбия мазмуны тәлим ҳәм мағлыўмат алыў процесслерине киретуғын жумыслардың мазмуны менен тығыз байланыслы болып, олардың нәтийжелерин өзинде сәўлелендиреди.

Ҳеш бир адам анадан туўылғанда бирден ҳадал, пәк, ийманлы, пазыйлетли, ямаса нәкас, гүдибузар, жаман болып қалмайды. Ҳәр бир адам белгили бир жәмийетлик орталықта тәрбияланады ҳәм қәлиплеседи. Оның қандай адам болып жетилисиўине тәрбия себепши болады. Адам шаңарақта, бақшада, мектепте, оқыў орынларында, досларының арасында, улыўма алғанда, жәмийетте кәмалға келеди. Усы басқышлардағы тәлим-тәрбияның берилиў дәрежесине қарап оның қандай адам болып жетилисиўи мәлим болады. Сонлықтан, халқымыз «Уяда не көрсең ушқанда соны ислейсең», «Достыңның ким екенин айт, сениң ким екениңди айтаман», деп бийкарға айтпаған. Сондай-ақ, адамның кәмил инсан болып жетилисиўинде өткендеги ата-бабалардың жолы, данышпанлардың бизге қалдырған бийбаҳа мәдений, руўхый мийраслары да үлкен роль атқарады. Тәлим ҳәм тәрбия егиз, булар бир-бирин толықтырып, байытып барады. Екеўи теңдей апарылса ғана адам жетик инсан болып қәлиплеседи. Егер инсан, әсиресе, мәмлекетимиздиң келешеги болған жасларымыз тәлим ҳәм тәрбиядағы топланған бай тәжирийбелерден қаншелли жақсы азықланса, өткен әўладлардың жыйнаған социаллық жетискенликлерин қанша тез үйренип өзлериниң турмысында қолланса, онда бундай жаслар жәмийетлик турмысқа соншелли тез араласады, ҳәр тәреплеме жетилискен шахс сыпатында қәлиплеседи. Жәмийетке қандай жаслар керек? Әлбетте, билимли ҳәм тәрбиялы жаслар керек. Жәмийетти қандай жаслар өзгертеди? Әлбетте, ҳәзирги тез пәт пенен раўажланып баратырған глобалласқан дүньяға жедел араласа алатуғын, өзиниң терең билими, ақыл-зәкаўаты ҳәм жақсы тәрбиясы менен жуўап бере алатуғын жаслар өзгерте алады. Демек, бундай жуўапкершиликли дәўир адамнан тиккелей философиялық көзқарас пенен байланыслы болған методологияны, философиялық тәрбияны талап етеди.

Ҳақыйқый методологиялар философия менен жуўмақланады. Философия бирден пайда болмайды. Философия адамның өзин қоршаған дүнья ҳәм жәмийетлик социаллық орталық туўралы ойлары, пикирлери, көзқараслары, гүманларының жыйынтығы. Ҳәр қыйлы факторлар адамның ой-санасына тәсир етеди. Онда белгили дәрежеде қандай да бир из қалдырады. Ол мейли, тәбийий қубылыс болсын, жәмийетлик ҳәдийсе болсын, ямаса қайсы идеология жәмийетти раўажландырады, керисинше, қайсы идеология жәмийетти ыдыратады, мине, булардың барлығы инсанның пикирлерине ҳәм көзқарасларына тәсир етеди. Демек, философия инсанның дүньяны ҳәм жәмийетти билиў зәрүрлиги, қызығыўшылығының негизи.

Инсанның руўхый бәркамаллыққа жетисиўинде философияның орны ҳәм әҳмийети үлкен. Мәселен, «Әдеплилик философиясы» («Аҳлақ философиясы») адамлар арасындағы қарым-қатнасларды тәртипке салып отыратуғын тәртип, қағыйдалар жыйындысы болып, ол адамларда жоқары минез-қулық нормаларын, шырайлы адамгершилик пазыйлетлерин, ўатансүйиўшилик, мийнетсүйгишлик, исеним, социаллық-сиясий белсендилик ҳәм жуўапкершилик сезимлерин тәрбиялайтуғын жәмийеттиң жазылмаған «алтын қағыйдасы».

«Әдеплилик философиясы» адамзат жәмийетиниң пүтин бир раўажланыў дәўиринде дин менен тығыз байланыста раўажланды. Әдеплилик – әдеп-икрамлылық сана, әдеплилик ис-ҳәрекетлер, әдеплилик мүнәсибетлерди өз ишине алады.

Әдеп-икрамлылық сана, өз гезегинде, адамның сезим-туйғылары, ерки, ақыл-зәкаўаты, интуициясы, қыялы, есте сақлаўы сыяқлы қәсийетлерин қамтыйды.

Әдеп философиясының субъекти – инсан, оның өлшеми, баҳасы – ҳүждан.

Әдеп философиясы әдеплилик ой-пикирдиң раўажланыўын үйренеди ҳәм әмелиятта жақсылық арқалы инсанға ҳақыйқатқа алып баратуғын жолды көрсетеди. Демек, әдеп философиясын жақсылық философиясы десек те болады. Әдеп философиясы мың жыллар даўамында қәлиплесип, нығайып үлкен тәжирийбеге ийе болды. Сонлықтан, ол философиялық-теориялық ҳәм әмелий тәжирийбелик қәсийетине ийе. Оны бурынғылар әмелий философия деп те атаған. Өйткени, әдеп философиясы тек теориядан ибарат емес. Ол өткендеги ата-бабаларымыздың данышпанлығы арқалы жаратылған ҳикметлер, нақыл-мақаллар, аңызәпсаналар жәрдеминде адамларды тәрбиялайды, әдеплиликтиң әҳмийетин түсиндиреди, оларды өмир, жәмийет, дүнья ҳаққында философиялық жуўмақлар шығарыўға үйретеди. Яғный Әдеп философиясы илиминде Платон, Аристотель, Демокрит, Эпикур, Цицерон, Конфуций, Фарабий, Ибн Сино, Беруний, Кант, Гегель, Ницше сыяқлы уллы философлар жаратқан әдеплилик теориясына байланыслы тәлийматлар менен бирге Юсуф Ҳас Ҳажибтиң «Кутадғу билик», Кайқаўстың «Қабуснама», Саадийдиң «Гүлистан», Наўайының «Маҳбубул-кулуб», Монтенниң «Тәжирийбенама», Бердақтың «Шежире», И.Юсуповтың «Ўатан топырағы», Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» сыяқлы әмелий әдеплиликке бағышланған шығармалары да өзиниң салмақлы орнына ийе. Әдеп философиясының басқа пәнлерден айырмашылығы да сонда, оның теория менен әмелияттың бирлиги арқалы инсанды тәрбиялаўы болып табылады.

Әдеплилик–адамның минез-қулқындағы унамлы ис-ҳәрекетлериниң жыйындысы. Әдеплилик – жәмийет ушын, гейде улыўма адамзат ушын үлкен әҳмийетке ийе мәнаўий ҳәдийсе, инсаният тарийхы ушын үлги бола алатуғын, адамның ең жақсы ҳәм ең гөззал әдетлериниң системасы. Әдепли адам- жәмийеттиң жа-

расығы. Әдеплилик адамды безейди, адамды абырой-мәртебеге бөлейди, әдепли адам басқалардың да сүйиспеншилигине миясар болады. «Улыўма алғанда, әдеплилик социаллық қатнаслар негизинде айрықша шахс сыпатында есапланған инсанлардың өзин-өзи басқарыў формалары ҳәм өлшеми, өз ара пикирлесиў ҳәм мүнәсибетлерде оларға тән болған руўхый жетиклик дәрежесиниң жүзеге шығыўы болып есапланады [1:38].

Әдепсизлик, керисинше, инсанның минез-қулқындағы ең унамсыз ҳәм жағымсыз қылўаларының жыйнағы. Әдепсиз адам- жәмийеттиң нуқсаны. Әдепсиз адам тек өзине емес, ал басқаларға да зыян келтиреди. Сонлықтан, әдепли инсан жүз болса да аз, ал әдепсиз адам биреў болса да көп. Бир адамның әдепсизлиги пүткил жәмийетке жаман ат келтиреди. Халқымыз: «Бир қумалақ бир қарын майды ширитеди», «Бир жаманның кесири жети журтқа тийеди», деп бийкарға айтпаған.

Әдеп философиясы социаллық ҳәм философиялық пәнлер менен байланыслы раўажланады.

Әдеп философиясы дин менен байланыслы. Ислам мининде перзент тәрбиясы ата-ананың ең жуўапкершиликли ҳәм узақ даўам ететуғын парызы. Басқа ўазыйпалар гейбир жумысларды бежериў ямаса мал-мүлкти сарыплаў менен жуўмақланады. Ал баланы тәрбиялаў жуўапкершилиги даўамлы болып есапланады. Өйткени, ата-ананың перзентке болған шүкирлиги, перзентке деген қанаатланыўшылығы мине, усы тәрбия ўазыйпасын шын кеўилден орынлаўы нәтийжесинде жүзеге шығады. Әмелий шүкир берилген жемисти (перзентти) жемис бериўши Алланы разы қылыў менен байланыслы. Демек, перзентти бергенине әмелий шүкир етиў туйғысы сол перзентти Аллаға ийман келтириўши бенде сыпатында тәрбиялаў арқалы пайда болады. Перзент тәрбиясында ата-ананың орны ҳәм жуўапкершилигиниң қаншелли дәрежеде жоқары екенлигин Муҳаммед пайғамбарымыздың мына ҳәдиси арқалы билип алыўға болады: «Ҳәр бир туўылған бала тек сап тәбиятлы (фитрат) болып туўылады. Оның (перзенттиң) бутпараст яки христиан болыўы ата-ананың тәрбиясына байланыслы болады. Бул тап ҳайўанның пүтинлигинше ҳайўан туўғанына уқсайды. Егер қәлесеңиз, Алла-адамларды жаратқан ҳасыл тәбиятдур. Алланың жаратқанын өзгертип болмас. Мине, усы туўры диндур» [2].

Усы ҳәдистен Алла инсанларды жаратқанда сап тәбият пенен жаратса да, кейин ала инсанлар, соның ишинде ата-аналардың тәрбиясы себепли бул саплыққа (тазалыққа, пәкликке) зыян жетиўи, оның бузылыўы ҳаққында айтылып отыр. Демек, жоқарыдағы ҳәдисте айтылған «фитрат» сап тәбият, динди дурыс қабыл етиўге болған қәбилет дегенди аңлатады.

Соған уқсап инсан да анадан сап тәбият пенен туўылады, ол будпараст яки христиан болып туўылмайды. Ата-ананың тәрбиясы арқалы будпараст ямаса христиан болады.

Алла бул дүньядағы барлық нәрселерди себеп нызамлылығы менен бир-бирине байланыслы етип жаратқан. Аш инсан тамақ жемесе, қарны тоймайды. Ерли-зайыплы болмаса, перзент дүньяға келмейди. Сол айтқанындай, тәрбия берилмесе, инсан әдепли, сулыў минез-қулықлы болып өспейди. Соның ушын да, Ислам мининде перзент тәрбиясына айрықша итибар қаратылады. Бала тәрбиясы тараўының қәнигелери: «Баланың тәрбиясын туўылыўы менен баслаў керек», дейди.

Әдеп-икрамлылық философиясы эстетика менен де тығыз байланыслы. Инсанның ҳәр бир ис-ҳәрекети ҳәм нийети әдеп-икрамлылыққа ҳәм гөззаллыққа (эстетикаға) тийисли болады, яғный белгили бир искерлик, ҳәм жақсылық (ишки гөззаллық), ҳәм эстетикалық (сыртқы гөззаллық) өзгешеликлерди өзинде жәмлестиреди. Сол себепли Сократ, Платон, Фарабий сыяқлы әййемги философлар көп жағдайларда әдеплиликти ишки гөззаллық, ал эстетиканы сыртқы гөззаллық тәризинде үйренген. Буннан тысқары, көркем өнер эстетиканың тийкарғы изертлеў объекти есапланады. Ҳәр бир көркем өнер дөретпесинде болса әдеп-икрамлылықтың әҳмийетли мәселелери көтериледи ҳәм өнерпаз (көркем өнер ийеси) ҳәрдайым өзи жасап атырған заманда ерисилген ең жоқары әдеп-икрамлылық дәреже ҳәм оған мүнәсибетин көркем келбетлер (образлар) арқалы сәўлелендиреди. Демек, сыртқы гөззаллық (эстетика) адамдағы ишки гөззаллықтың (әдеплиликтиң) сәўлеси болып, булар бир-бирин толықтырады, бир-бирин безейди. Халқымыздың «Түси келиспегенниң иси келиспейди», «Келбети келиспегеннен ақыл сорама», деўи де тегиннен емес. Солай екен, эстетика тәрепинен үйренилип атырған ҳәр бир көркем шығарма бир ўақыттың өзинде, белгили дәрежеде, әдеп-икрамлылық философиясы көзқарасынан да үйрениледи. Яғный, көркем әдебий шығармада жаратылған әдебий образ (қаҳарман)дың портрети сыртқы гөззаллықтың мысалы болса, ал оның адамгершилик қәсийетлери әдеп философиясының (ишки гөззаллық)да изертлеў объекти болып есапланады.

Әдеп философиясы (философиялық тәрбия) педагогикалық тәрбия менен де тығыз байланысқа ийе. Шахсты қәлиплестириў, тәрбиялаў, билим бериў процесслери педагогиканың негизи болатуғын болса, булар пәндиў-нәсиятларсыз, әдептаныў сабақларысыз болмайды. Сол себепли әдеп-икрамлылық философиясы өзиниң теориялық ҳәм, әсиресе, әмелий тәреплери менен педагогиканың тийкары есапланады. Өйткени, билимлендириў системасындағы тәлим-тәрбия өзин ҳәр бир қәдемде әдеплилик тәрбия сыпатында көрсетеди. Мысалы, әдеплилик философиясындағы жақсылық категориясы (жақсылыққа тәрбиялаў) педагогикадағы «Жаманнан қаш, жақсыға жантас», деген дидактикасыз (ақыл-нәсиятсыз) әмелге аспайды.

Әдеп-икрамлылық философиясы психология менен де байланыслы. Бул еки пән де адамның ис-ҳәрекетлери, минез-қулқы, мейил ҳәм тилеклерин үйренсе де, бирақ екеўиниң үйрениў тәризи еки түрли көзқараста алып барылады. Әдеп философиясы адамды әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаunion, ал психология адамның психологиялық өзгешеликлерин, оның минез-қулқы ҳәм ис-ҳәрекетлериндеги белгилердиң себебин үйренеди. Инсанды философиялық тәрбия (әдеп философиясы) арқалы тәрбиялаўда дәслеп оның психологиялық өзгешеликлерин билип алыў үлкен әҳмийетке ийе. Инсанның психологиялық ҳалатынан келип шығып оған берилген әдеплилик тәрбиясының нәтийжеси салмақлы болады. Сонлықтан, әдеп философиясы ушын психологиялық тәрбия инсанның кәлбине ҳәм санасына алып баратуғын туўры жол хызметин атқарады.

Демек, тәрбияның формалары: философиялық тәрбия, диний тәрбия, педагогикалық тәрбия, психологиялық тәрбия, идеологиялық тәрбия ҳәм т.б. болып, соның ишинде, философиялық тәрбия халықтың руўхый таянышы.

**Әдебиятлар**

1. Юсупов Э. Инсон камолотининг маънавий асослари. -Т.: Университет, 1998, 38-б.
2. https://islom.uz/maqola/5107.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада фалсафий тарбия ва унинг шахс шаклланишида роли ва янги вазифалари белгилаб қўйилган. Шунингдек, тарбиянинг ҳозирги кундаги аҳамияти, унинг ўзига хос хусусиятлари ва унинг бошқа фанлар билан алоқаси хақида фикр билдирилган. Инсон тарбиясида эстетик, педаогогик, диний тарбиянинг аҳамияти алоҳида кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье определены новые задачи философского воспитания в формировании личности. В том числе изложены мнения об актуальности воспитания в наше время, его особенностях и взаимосвязи с другими дисциплинами. Подчеркивается важность эстетического, педагогического и религиозного воспитания в воспитании человека.

**SUMMARY**

The article defines new tasks of philosophical education and its formation in the personality. There is also an opinion about the relevance of education, its features and relationship with other disciplines. The importance of aesthetic, pedagogical and religious education in human education is emphasized.

## ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН ЎЗБЕКЛАРИНИНГ НИКОҲ ТЎЙИГА ТЕГИШЛИ АЙРИМ МАСАЛАЛАР

**Н.Г.Сатимова -** *ассистент ўқитувчи*

*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика иститути*

**Таянч сўзлар:** никоҳ, совчи, совчилик, никоҳ тўйлари, маросим, шўр патир.

**Ключевые слова:** брак, сватовство, свадьба, мероприятие, слоёный хлеб.

**Key words:** marriage,sovchi, matchmaking, wedding ceremony, shur patir.

Ўзбек халқининг қадимий анъаналари, расм-русумлари, дунёқараши, урф-одатлари, турмуш тарзи, асрлар бўйи жамланган ҳаётий тажрибаларини ўзида мужассамлаштирган энг жозибали маросимларидан бири никоҳ тўйидир.

Дунёдаги кўплаб бошқа халқлар сингари Қорақалпоғистон ўзбекларининг тантаналари орасида никоҳ тўйлари ўзининг турли урф-одатлари ва ранг-баранглиги билан алоҳида ажралиб туради. Қорақалпоғистон ўзбеклари никоҳ тўйлари оилавий ҳаёт тарзи ва маънавий маданиятнинг таркибий қисми бўлиб, унинг иштирокчилари томонидан бир-биридан ажойиб урф-одатлар ва удумлар бажарилади.

Никоҳ [1] умуминсоний қадриятларни ўзида мужассамлаштирган урф-одат бўлиб, ибтидоий жамиятнинг сўнгги даврида юзага келган ва кейинчалик ёзма тарзда қонунлаштирилган маросим шаклини олган. “Никоҳ” асли арабча сўз бўлиб, “эр-хотинликнинг шариат йўли билан қонуний расмийлаштириш”, “оилавий иттифоқ” деган маънони билдиради [2] Яъни никоҳ – икки жинс вакилларининг ўзаро розилиги асосида тузилган иттифоқдир [3].

Маҳмуд Қошғарийнинг “Девону луғотут-турк” асарида, никоҳ тўйи билан боғлиқ бир қанча сўзларнинг изоҳи келтириб ўтган [4]. А.Фитратнинг таъкидлашича, никоҳ – бу ҳаётда дўст, бахт ва бахтсизликда шерик, ғам-қайғу вақтида ҳамдам, хушнуд дамларда бир-бирларига ёр бўлишни истаган эркак ва аёлнинг шахсий ва ижтимоий вазифаларини биргаликда бажаришлари лозим бўлган иттифоқдир. Никоҳ эр-хотин ўртасидаги ўзаро тенглик ва ўзаро хоҳиш асосида тузилган аҳду паймон битими, муҳаббат ва меҳр билан ҳаётда шерик бўлиш демакдир.

Дастлаб мавзунинг тарихшунослигига тўхталадиган бўлсак, оила, никоҳ тўйлари ҳақида бир қатор олимлар илмий изланишлар олиб борганлар. Булар ичида асосан мавзуимизга яқин бўлган Қорақалпоқларнинг анъаналари ва урф-одатлари ҳақида илмий изланишлар олиб борган тадқиқотчилар ҳақида тўхталиб ўтамиз.

Х.Есбергенов ва Т.Атамуратовнинг “Шаҳарлик қорақалпоқлар ҳаётидаги анъаналар ва уларнинг шаклланиши” номли монографиясида анъанавий никоҳ шакллари, қудачилик турлари ва никоҳ тўйи маросимлари тадқиқ этилган бўлиб, ундаги анъанавийлик ҳамда замонавийлик қиёсий таҳлил қилинган [5]. Бундан ташқари никоҳ кўринишлари, тўй маросимлари ва анъаналар ҳақида ҳам илмий мақолалар чоп эттирган.

К.Мамбетовнинг “Қорақалпоқларнинг этнографик тарихи”[6] китобида қорақалпоқ халқининг пайдо бўлиши, миллий ўзгачалиги, хўжалиги, сиёсати, кийим – кечаклари, миллий урф – одат ва маросимлари, тўй қўшиқлари ҳақида маълумотлар берилган.

Б.Бегжанованинг илмий тадқиқоти “Қорақалпоқ тўй маросими фольклорининг тарихий-этнографик хусусиятлари” (никоҳ тўйи маросимлари мисолида) [7] мавзусида бўлиб, қорақалпоқларнинг оила-никоҳ муносабатлари билан боғлиқ урф-одат ва маросимлар генезиси, эволюцияси ҳамда этнолокал хусусиятларини фольклор манбалари асосида тадқиқ қилган.

С.Есбергенованинг “Қорақалпоқлар анъаналари, тўй, маросимлари ва қадриятлари” мақоласида қорақалпоқ халқининг маънавий қадриятлари, унинг шакилланиши ва барча шариат қоидаларига риоя этиш тартиби ҳақида сўз борган [8].

Бундан ташқари кўпкина тадқиқотчилар қорақалпоқлар ҳақида кўпгина илмий изланишлар олиб борганлар, аммоа Қорақалпоғистон ҳудудида яшовчи ўзбеклар ҳақида умуман ҳеч нарса ёзилмаганлиги, биз танлаган мавзунинг долзарблигини билдиради.

Никоҳ тўйи тантаналарини бошлаб берувчи дастлабки маросим бу совчилик ҳисобланади. Совчилик тарихи ҳам узоқ ўтмишга бориб тақалади. Совчилар тўғрисидаги илк маълумотлар VII – VIII асрларга оид Ўрхун –Энасой битикларида учрайди. Тунюқуқ битиктошида “сов” сўзи “саб” – сўз, гап маъносида, ирқ (фол китоби)да эса “саб” – сўз, “сабчи” – хабарчи, сўз келтирувчи маъносида қўлланилган [9]. Ўз навбатида, ўрта асрлар машҳур тилшуноси Маҳмуд Қошғарий буни “совчи – келин ва куёв орасидаги бир-бирига хабар элитувчи” деб изоҳлаган [4]. Совчи нафақат икки ёшнинг бошини қовуштиришда, балки бахтли турмуш қуриб кетишида ва икки хонадон ўртасида яхши муносабат ўрнатишида ҳам воситачидир[10]. Шу боис куёв томон қиз томонга ўзларининг энг ишончли одамларини совчи қилиб юборганлар. Бундан ташқари элчиликка борадиган одам хоҳ эркак, хоҳ аёл киши бўлишидан қатъий назар доно, оқила, кўпни кўрган, обрў-эътиборли бўлиши керак.

Совчилик маросимидан олдин қиз танлаб олиш ҳам энг муҳим вазифалардан биридир. Энг биринчи навбатда куёв бўлиш арафасидаги йигитдан бирон-бир қизга кўнгли бор ёки йўқлиги сўралади. Мабодо йигитнинг кўнгил қўйган қизи бўлмаса, унинг ота-онаси ва яқин қариндошлари томонидан қиз қидирилади. Агарда маъқул қиз топилса, олдин қизнинг ота-онаси, насл-насаби, қариндош-уруғлари ҳақида сўраб-суриштирилади. Бундан ташқари қизнинг ҳусну жамоли, соғлиги, одобу-тарбиясига, қолаверса, эгаллаган маълумоти ва касб-ҳунарига ҳам алоҳида эътибор берилади. Агарда танланган қиз йигитга ва ота-онасига маъқул бўлса совчиликка боришади. Қорақалпоғистонда яшовчи ўзбекларда асосан совчиликка эркаклар куёвнинг отаси, амакиси ёки тоғаси боришади. Қиз томондагилар хонадондаги энг ёши улуғ кишидан, яъни “бобоси ёки момосининг олдидан ўтайлик”, ёки “қариндошлар билан маслаҳатлашиб кўрайлик” деб жавоб беради. Иккинчи ёки учинчисида (агар номзод маъқул келса) ёшлар бир-бирини кўрсин, гаплашсин дейишади. Розичилик аломати сезила тўйдан олдин аёллар ширинликлар солинган дастурхон олиб борадилар. Қизнинг ота онаси розилик билдирса, дастурхон очилади, акс ҳолда